



Nim. 202,7

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinuite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 la, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la;

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;

**LÈ NOU KONSIDERE**, pou fasilite repons ki pi apwopriye ak pi efikas pou katastwòf ijans COVID 19 la, li enpòtan pou Eta New York kapab ajè vit pou rasanble, kowòdone, ak deplwaye machandiz, sèvis, pwofesyonèl ak volontè tout kalite; ak

**KOUNYE A, KIDONK**, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispansyon oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesè pou fè fas ak katastwòf la, oswa si sa nesè pou bay asistans oswa ed pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispansyon oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat samedì 18 avril 2020, sa ki annapre yo:

- Sispansyon yo fè nan Lwa sou Ofisye Piblik (Public Officer's Law) la, gen ladan pwovizyon Seksyon 73 ak Seksyon 74 yo, pa Dekrè Egzekitif 202.6 modifiye avèk dokiman sa a pou egzije ke sispansyon ak modifikasyon sa yo pral sèlman valab pa rapò ak moun yo te anboche pou yon pòs nominal oswa salarye oswa volontè.

**ANPLIS DE SA**, dapre otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye direktiv annapre yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive samedì 18 avril 2020.

- Kèlkeswa ak notarye ki egzije anba Lwa Eta New York otorize pou fèt nan itilize teknoloji odyo videyo depi kondisyon sa yo respekte:
  - o Moun ki ap chèche sèvis Notè a yo, si Notè a pa konnen li pèsònèlman, dwe prezante kat idantite ak foto bay Notè a pandan konferans videyo a, pa sèlman transmèt li avan oswa apre;
  - o Videyo konferans lan dwe pèmèt entèaksyon ant moun lan ak Notè a (pa egzanp okenn videyo preanrejistre moun ki ap siyen an);
  - o Moun lan dwe siyifye afimativman ke li sitiye fizikman nan Eta New York;
  - o Moun lan transmèt touswit pa faks oswa mwayen elektwonik yon kopi lizib dokiman siyen an dirèkteman bay Notè a nan menm dat li te siyen an;
  - o Notè a gendwa notarye kopi dokiman yo transmèt la epi transmèt menm dokiman an retounen bay moun lan; epi
  - o Notè a gendwa repete notarizasyon dokiman orijinal ki siyen an apati dat egzekisyon an depi ke Notè a resevwa dokiman orijinal sa a ki siyen an ansanm avèk kopi ki notarye elektwonikman an nan trant jou apre dat egzekisyon an.
- Apati 21 mas 2020 a 8 8p.m. epi jiska nouvèl òd, tout salon kwafè yo, salon cheve yo, salon tatou oswa pising ak sèvis swen pèsònèl yo ki an rapò ak yo pral fèmen pou manm piblik yo. Sa pral gen

ladan tou teknisyen zong yo, kosmetològ yo estetisyèn yo, ak pwovizyon elektwoliz, sèvis retire cheve yo, kòm moun pa ka bay sèvis sa yo pandan yap kenbe distans sosyal yo.

- Pwovizyon Dekrè Egzekitif 202.6 la yo egzije ke restriksyon anviwònman travay an pèsòn yo modifeye konsa: Apati 21 mas 2020 a 8 p.m. epi jiska nouvèl òd, antite ki san bi likratif yo nan eta a dwe itilize, nan tout mezi posib, nenpòt pwosedi teletravay oswa travay depi lakay ke yo ka itilize san danje. Chak anplwayè dwe redwi mendèv an pèsòn nan nenpòt lokal travay de 75% pa pita pase 21 mas a 8 p.m. Nenpòt biznis oswa antite esansyèl ki bay, sèvis oswa fonksyon esansyèl pa dwe sijè ak restriksyon an pèsòn yo.



SOU LÒD GOUVÈNÈ A

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Mr. C" followed by a long, sweeping horizontal stroke.

Sekretè Gouvènè a

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, dizuityèm jou mwa mas nan

ane de mil ven.

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Ad. Cuomo" in a cursive style.